

**PROSÉS NGALARAPKEUN MÉDIA PANGAJARAN AUDIOVISUAL
KANA MINAT DIAJAR SISWA DINA PANGAJARAN ÉKONOMI
DI SMA PASUNDAN 2 BANDUNG**

(Studi Kasus Siswa Kelas X IPS 4 Taun Ajaran 2016/2017)

Ku

**Risyfan Sefti Fauzi
135020007**

ABSTRAK

Udagan tina ieu panalungtikan nya éta pikeun mikanyaho prosés ngalarapkeun média pangajaran audiovisual, minat diajar siswa sarta pikeun mikanyaho pangaruh média pangajaran audiovisual kana minat diajar siswa dina pangajaran ékonomi di SMA Pasundan 2 Bandung (studi kasus siswa kelas X IPS 4 di SMA Pasundan 2 Bandung).

Métode nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta survéy. Sampel dina ieu panalungtikan mangrupa siswa kelas X IPS 4 di SMA Pasundan 2 Bandung nu jumlah siswana 46 urang. Analisis data nu digunakeun nya éta analisis vérifikatif data ngaliwatan itungan rata-rata skor ngagunakeun IBM SPSS Statistics Version 21.0.

Hasil panalungtikan rékapitulasi skor rata-rata kamandang réspondén ngeunaan média pangajaran audiovisual lobana 4,08 (83%) sedengkeun minat diajar lobana 4,07 (83%). Kukituna bisa dicindekkeun yén kamandang réspondén kana média pangajaran audiovisual sarta minat diajar “Hadé Pisan”. Dumasar analisis data nu geus dilakukeun, hasil panalungtikan pangaruh dilaksanakeunna média pangajaran audiovisual nya éta ditingali tina itungan koéfisién déterminasi ngaliwatan nilai R Square lobana 0,419. Ieu hal ditétélakeun variabel X miboga pangaruh lobana 41,9% kana variabel Y sarta sésana 58,1% dipangaruhan ku faktor séjén. Faktor nu jadi pangaruh kana variabel Y lobana 41,9% dilantarankeun ku indikator variabel X mangrupa fungsi média pangajaran sarta jadi kaonjoyan média audiovisual.

Kacindekkana, panulis miboga pamadegan kanggo pihak-pihak nu pakait nya éta: (1) Kanggo siswa, sangkan ningkatkeun kualitas diajrana sarta teu saukur narima matéri nu dipasihkeun guru; (2) Kanggo guru, saupama aya siswa nu miboga sikap pasif, leuwih hadé ngagunakeun modél pangajaran nu ngirut pikeun dipatalikeun jeung média pangajaran audiovisual nya éta muter vidio nu aya pakaitna jeung matéri pangajaran sangkan mampu ngajak siswa leuwih minat pikeun diajar; (3) Kanggo sakola, pupuhu sakola tiasa madegkeun ka guru supados ngagunakeun media audiovisual pikeun ngarojong pangajaran ka arah saintifik sarta modél pangajaran; (4) Kanggo panalungtik saterasna, tiasa ngalaksanakeun panalungtikan nu sarupa dina pangajaran anu bédha sarta kelas anu bédha oge pikeun ningkatkeun élmu dina kontéks média pangajaran.

Kosa Kecap : Média Pangajaran Audiovisual sarta Minat Diajar.